**Гулдинарг – Іабдурроззакъ бин Іабдул-Мухьсин**

Гочдинарг – Магамедов Сулиман

Рецензенташ – М.Р. Эдихаджиев, А.А. Илесов

# Сийлахьчу дешнийн дозаллех

**АстагІфируллóхI**
**СубхьáналлóхI**
**Аль-хьамду лиллáхI**
**Лá илáхIа иллаллóхI**
**АллóхIу Акбар**
**Лá хьавла ва лá къуввата иллá биллáхI**

Жайна, то а дина, шозлагIа арахоьцуш ду.

**Гуьмсе 2019**

О значимости священных слов. Собиратель - Абдурроззак бин Абдул-Мухсин. Гудермес, 2019. - ?с.

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

Хастам бу АллахIна, Iаламаш кхоьллина, уьш кхобуш, кхиош Волчу. АллахIера къинхетам, маршо а хуьлийла Цо бахкийтинчу элчанийн имам волчу вайн пайхамарна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна а, асхьабашна а, цара беанчу нийсачу некъа схьабогIучарна а.

Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу АллахIа цхьа дешнаш къастийна, церан доккха дозалла довзуьйтуш, царна кхидолчу дешнех къаьсташ долу хаза куц луш, церан болх беза а, барам боккха а, дарж лекха а хилар гойтуш. Царах ду, масала: **СубхьáналлóхI** (АллахI цIена ву)**, аль-хьамду лилла́хI** (АллахIна хастам бу)**, лá илáхIа иллаллóхI** (АллахI воцург, Дела вац)**, АллóхIу акбар** (АллахI Воккха ву) – бохурш.

Оцу дешнийн дозалла дуьйцуш дуккха хьадисаш даьхкина, церан болх боккха хиларна, цаьрца Iамал йиначарна дуьнен чохь а, эхартахь а йоккха ял а, сийлалла а, ца хедаш долу диканаш хиларна а шаьш тIенисвеш долу.

Баккъалла а, ас ойла йира, уьш цхьана могIарехь гулдича, пайда алсам хир ма бара, аьлла. Ма-дарра аьлча, **«ФикъхIуль-адIийати валь-азкáр»** цIе йолчу сан жайнин цхьа дакъа ду хIара. Дезчу дешнех лаьцна вайн цхьаболчу лерамечу вежаршна къаьсттина жайна дезарна – Везчу АллахIан пурбанца – яздо ас хIара, кхуьнан пайда къаьсттина хьахорхьама а, и алсам хилийтархьама а.

**ХIай сан бусалба ваша!** Собарца ойлае ахь хьайн тидаме дуьллучу кху жайнин хьокъехь. Цо хьан ойланаш меттахъяха а, дог-ойла чIагIян а, хIара дешнаш лардарехь хьуна гIо дан а герга ду.

Ша цхьаъ волу АллахI ву гIодийриг а, массо дикачу хIуманна тIехь ницкъ луш верг. Вуочух дIахьовзон а, дикачунна тIеверзон а ницкъ бац, Веза-Сийлахьчу АллахIехь а бен.

**Деа дешан дозалла**

СубхьáналлóхIи, валь-хьамду лилла́хIи, ва лá илáхIа иллаллóхIу, валлóхIу акбар дешнийн дозалла дуьйцур ду вай хьалха:

**1.** АллахIна дукхадезаш дешнаш ду уьш. Муслима шен **«Сахьихь»** олучу жайнахь далийна, Джундубан кIанта Самурата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хьадис, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

элира, аьлла: **«Веза-Сийлахьчу АллахIна уггар дукхадезначарах диъ дош ду, хьуна зен дийр дац царах муьлххачуьнца дIадолийча а: субхьáналлóхIи, валь-хьамду лилла́хIи, ва ла́ ила́хIа иллаллóхIу, валлóхIу акбар».**

Абу Давуда шен **«Муснад»** олучу жайнахь хIокху кепара далийна: **«Диъ дош ду, шаьш цIенчу къамелах долуш, шаьш Къуръанах а долуш, царах муьлххачуьнца дIадолийча а хьуна зен дийр доцуш: субхьáналлóхIи, валь-хьамду лилла́хIи, ва ла́ ила́хIа иллаллóхIу, валлóхIу акбар».**

**2.** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийцина, и диъ дош - шайна тIе малх хьожуш долчу хIуманал а (дуьненал а, цу чохь мел долчу хIуманал а) шена дукхадеза, аьлла. Муслима **«Сахьихь»** олучу жайнахь далийна, Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хьадис, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«СубхьáналлóхIи, валь-хьамду лилла́хIи, ва ла́ ила́хIа иллаллóхIу, валлóхIу акбар алар дукха ма деза суна, малх тIе хьожучу массо хIуманал а».**

**3.** Имам Ахьмадан **«Муснад»** олучу жайнахь, БайхIакъин **«ШуIабул-ийман**» олучу жайнахь а сецна ду, БахIдалатан кIантах Iасимах дийцинарг, Абу ТIолибан йоIа Умму ХIаниа (Дела реза хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **суна уллохула тIехвелира, ас элира: «Баккъалла а, со йоккха хилла, гIорасиз а хилла, ахь соьга омра дехьа, ас охьахиъна а йолуш йийр йолчу Iамалан хьокъехь».** Цо элира: **«БIозза АллахIна тасбихь де ахь (*Субхьáналлóхl* ала), ИсмаIилан доьзалех бIе стаг хьалхавитинчунна йоллу ял ю хьуна; бIозза АллахIна хастам бе ахь (*Аль-хьамду лилла́хl* ала), шена тIе нуьйр тиллина а, бага дуьрста тесна а йолу бIе говр АллахIан новкъахь сагIина еллачунна йоллу ял ю хьуна; АллахI воккха веш, бIозза такбир (*АллóхIу акбар*) ала ахь, кечйина а, къобалйина а йолу бIе эмкал сагIина еллачунна йоллу ял ю хьуна; бIозза тахIлил (*ла́ ила́хIа иллаллóхl*) ала ахь».** Ибн Халфа (Iасимах хIара дийцина волчу) элира: «Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, мотту суна: **«Стигална а, лаьттана а юккъехь дерг дузу цо** (ла́ ила́хIа иллаллóхI аларо), **оцу дийнахь цул еза йолуш Iамал хьалаойбур ма яц цхьаннен, ахь йинарг санна Iамал цо йина яцахь».**

Ахь ойла ехьа хIара дешнаш аьллачунна хуьлуш болчу боккхачу мелан. БIозза АллахIна тасбихь динчунна (субхьáналлóхI бIозза аьлларг), Исма́Iилан доьзалех бIе стаг хьалхавитинчунна йоллу ял хуьлу.

Кхузахь Исма́Ӏи́лан доьзалш (уьш хьахорца) къастийна, Ӏарбийн тайпанах сийдолуш берш уьш болу дела. БӀозза АллахӀна хастам бинчунна (аль-хьамду лилла́хӀ бӀозза аьллачунна), тӀе нуьйр тиллина а, бага дуьрста тесна а йолу бӀе говр сагӀина (шайна тӀехь нуьйраш а, дуьрстанаш а йолуш, АллахӀан новкъахь къахьоьгуш берш дӀасабига) еллачунна йоллу ял хуьлу. АллахӀ воккха веш, бӀозза такбир далийначунна (Алло́хӀу акбар бӀозза аьллачунна), кечйина а, къобалйина а йолу бӀе эмкал сагӀина еллачунна йоллу ял хуьлу. БӀозза тахӀлил далийначо (ла́ ила́хӀа иллалло́хӀ бӀозза аьлларг ву иза), стигална а, лаьттана а юккъехь дерг дузу цо. Цул еза йолуш Ӏамал хьалаойбур ма яц цхьаннен, цо йинчух терра Ӏамал цо йина яцахь.

**4.** Къиношна каппарат (уьш дӀадохуш) ду уьш. Имам Ахьмадан **«Муснад»**, Тирмизин **«Сунан»**, Хьа́киман **«Мустадрак»** олучу жайнашкахь а сецна ду, Ӏамран кӀанта ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина хьадис, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Лаьтта тӀехь цхьа а стаг ма вац, ша: «Ла́ ила́хӀа иллалло́хӀ, валло́хӀу акбар, ва субхьа́налло́хӀ, валь-хьамду лилла́хӀ, ва ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хӀ», олуш, цунна тӀера къинош дӀадохуш а бен, хӀордан чопанал дукха уьш делахь а».** Тирмизис: «Хьасан (хаза) ду», Хьакима: «Сахьихь (цӀена) ду», – аьлла оцу хьадисан хьокъехь.

Кхузахь дуьйцуш долу къинош – уьш кегий къинош ду. Имам Муслиман **«Сахьихь»** жайнахь сецна ду, Абу ХӀурайратах (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хьадис, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш вара, аьлла: **«Пхи ламаз а, рузба а – вукху рузбане кхаччалц, мархин бутт а – вукху мархин батте кхаччалц, царна юккъехь дина долу къинош дӀадохуш ду, даккхийчу къинойх ларвелчхьана».**

Кегий къинош дӀадахар доьзна ду даккхийчу къинойх ларваларца, хӀунда аьлча даккхий къинош тобадаро бен дӀадохуш дац. ХӀокху хьадисах терра ду Тирмизис а, и воцчо а далийнарг, Ма́ликан кӀантах Анасах (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, аьлла: «Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шена тӀера гӀаш дакъаделлачу диттана уллохула тӀехволуш вара. Цо цунах шен Ӏаса туьйхира, цунна тӀера гӀаш охьаийгира. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тӀаккха элира: **«Баккъалла а, аль-хьамду лилла́хӀи, ва субхьа́налло́хӀи, ва ла́ ила́хӀа иллалло́хӀу, валло́хӀу акбар бохучу дешнаша лен къинош охьаэгадо, хӀокху дитта тӀера гӀаш охьаэгарх терра».**

**5.** Ялсаманин синтарш ду уьш. Тирмизис далийна МасӀудан кӀанта ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хьадис, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Со стигала ваьккхинчу**

**буса ИбрахIимна дуьхьалкхийтира со, цо соьга элира: «ХIай Мухьаммад, хьайн уммате соьгара салам ло ахь, ялсамани – латта цIена долуш, хи мерза долуш шера аре ю, цуьнан синтарш субхьáналлóхIи, валь-хьамду лиллáхIи, ва лá илáхIа иллаллóхIу, валлóхIу акбар ду алий, царна дIахаийта ахь».** Цунах лууш дерг – ялсаманин синтарш хIокху дешнашца сиха кхуьуш хилар ду, шерачу аренгахь долу синтарш а, сеналла а кхиарх терра.

**6.** Бусалба динца вехаш волуш, АллахIна: **«АллóхIу акбар, субхьáналлóхI, лá илáхIа иллаллóхI, аль-хьамду лиллáхI»** дукха бохуш волчу стагал а Цунна гергахь веза волуш цхьа а ма вац.

Имама Ахьмада а, Насаис а, дийнахь-буса еш йолу Iамалш юьйцучу жайнахь дикачу зIенаца далийна, Шаддáдан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хьадис, Бани Iузрат олучу тайпанах волчу кхаа стага, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу а веана, бусалба дин тIеийцира, аьлла. ТIаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХIокхарна дин хьехарца суна паргIато йийр верг мила ву?»** ТIалхьата (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Со ву».** ТIаккха уьш ТIалхьат (Дела реза хуьлийла цунна) волчохь севцира. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIазоте бусалба нехан цхьа тоба яхийтира, царах цхьаъ оцу тобанца а волуш. Иза гIазотехь кхелхира. Цул тIаьхьа кхин тоба яхийтира цо, висинчу шиннах цхьаъ цаьрца волуш, иза а гIазотехь кхелхира. Цул тIаьхьа кхоалгIаниг, шен меттахь а волуш, велира. ТIалхьата (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Со волчохь хилла волу и кхо стаг** (гIенах) **ялсаманихь гира суна. Шен меттахь а волуш велларг царна хьалхаваьлла гира суна, шолгIа кхелхинарг цул тIаьхьа волуш гира суна, царах уггар хьалха кхелхинарг уггар тIаьхьа волуш гира суна. Со оцу балхах цецвелира, тIаккха, Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **волчу а вахана, ас цуьнга хьахийра иза».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ас оцу балхана инкарло ца йо. Бусалба динца вехаш волуш, АллахIна: «АллóхIу акбар, субхьáналлóхI, лá илáхIа иллаллóхI, аль-хьамду лиллáхI» дукха бохуш волчу стагал а АллахIна гергахь веза волуш цхьа а ма вац».** Баккъалла а, хIокху сийлахьчу хьадисо тIенисво, шен оьмар яхъелла, шен Iамал хаза а хилла, шен мотт Веза-Сийлахь АллахI хьехорца тIеда латтийначун сийлалла йоккха хиларна.

**7.** Веза-Сийлахьчу АллахIа шен лешна хаьржина хIара дешнаш, оцу дешнашца АллахI хьехийначарна йоккха ял, шортта мела а кечбина. Имам Ахьмадан **«Муснад»** жайнахь, Хьакиман **«Мустадрак»** жайнахь а дикачу

зIенаца деана, Абу ХIурайрата а, Абу СаИ́да а (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина хьадис, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахIа къамелах диъ дош хаьржина: субхьа́наллóхIи, валь-хьамду лилла́хIи, ва ла́ ила́хIа иллаллóхIу, валлóхIу акбар. СубхьаналлóхI аьллачунна 20 дика яздо, цунна тIера 20 вуон а дIадоккху; АллóхIу акбар аьллачунна а изза ду; ла́ ила́хIа иллаллóхI аьллачунна а изза ду; аль-хьамду лилла́хI даггара аьллачунна 30 дика яздо, цунна тIера 30 вуон а дIадоккху».**

Баккъалла а, ***аль-хьамду лилла́хI*** аларехь ял сов хилар билгалдина, лено оцу деа дашах шеггара и аьлча, хIунда аьлча АллахIна хастам бар дукхахдолчу хьолехь цхьана бахьанина хуьлуш ду (яахIума йиъча я молу хIума мелча, я цхьа дика болх хилча…). ТIаккха, хастам бечу хенахь, шена динчу диканна дуьхьал бекхам беш аьллачух терра хуьлу иза. Амма лено шеггара ***аль-хьамду лилла́хI*** аьлча, шена керла динчу диканна бекхам беш аьлла а доцуш, цуьнан мела совболу.

**8.** И дешнаш аьлларг жоьжахатих ларвеш дуьхьало ю иза, уьш аьлларг къематдийнахь кIелхьарвоккхуш, цунна хьалхадевлла хир ду уьш. Хьакима **«Мустадрак»** олучу жайнахь, дийнахь-буса еш йолу Iамалш юьйцучу шен жайнахь Насаис а, и шиъ воцчо а далийна Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хьадис, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Схьаэца шайн дуьхьало».** Оха хаьттира: **«ХIай Делан Элча, веанчу мостагIчух ларвеш йолу дуьхьало бохий ахь?»** Цо жоп делира: **«Ца боху, жоьжахатих шу лардеш йолу дуьхьало, боху. Аш ала: Субхьа́наллóхIи, валь-хьамду лилла́хIи, ва ла́ ила́хIа иллаллóхIу, валлóхIу акбар; уьш аьлларг къематдийнахь кIелхьарвоккхуш, цунна хьалхадевлла догIур ду уьш, тIаьхьадуьсур долу диканаш а ду уьш».** Хьакима аьлла: «ХIара сахьихь хьадис ду». Цул совнах, хIокху хьадисо чулоцу, хьалха хIокху дешнех лаьцна хьахийнарг: и дара, уьш тIаьхьадуьсур долу диканаш а ду, аьлла хьахадар. Ткъа Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «**ТIаьхьадуьсур долу диканаш гIоле ду - Далла гергахь хьуна ял хиларехь а, дикане догдахарехь а».** *«КахIф», 46.*

ТIаьхьадуьсур долу диканаш – уьш шайгахь болу мела даима буьсуш а, шайн бекхам даима лаьтташ дерш а ду. Ткъа хIара ду-кх, лено уггар чIогIа сатуьйсург а, уггар беза мела берг а.

**9.** И дешнаш Къинхетаме Волчу АллахIан Iарша гонаха хьийзар ду, накхармозий санна, гIовгIа а еш, и дешнаш аьлларг хьехош. Имам Ахьмадан – **«Муснад»**, ибн Ма́жахIан – **«Сунан»**, Хьакиман – **«Мустадрак»** олучу жайнашкахь деана, Баши́ран кIанта НуIмана (Дела реза хуьлийла цунна)

дийцина хьадис, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, АллахӀан возаллех аш хьехош долу субхьáналлóхӀи, валлóхӀу акбар, лá илáхӀа иллаллóхӀу, валь-хьамду лиллáхӀи а Ӏаршана гонах хьийза, накхармозий санна гӀовгӀа а еш, и дешнаш аьлларг хьехош. Шух цхьанна ца деза тӀаккха, АллахӀна гергахь ша хьехор я ша хьехош верг ца сацар?!»**

ХӀокху хьадисах схьаболу пайда – хӀара йоккха сийлалла гайтар ду. Иза – хӀара диъ дош хилар ду, Ӏаршана гонах хьийзаш (Ӏаршана тӀетийжаш), накхармозийн санна гӀовгӀа а йолуш, шаьш аьлларг хьехош. ХӀокху хьадисехь оцу дешнашца Дела хьехорна тӀехь стаг чӀогӀа сутара вар ду. Цундела аьлла хӀокху хьадисехь: «**Шух цхьанна ца деза тӀаккха, АллахӀна гергахь ша хьехор я ша хьехош верг ца сацар?!»**

**10.** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийцина, и дешнаш Мийзан-терзан тӀехь деза хир ду, аьлла. Дийнахь-буса еш йолу Ӏамалш юьйцучу шен жайнахь Насаис, ибн Хьиббана **«Сахьихь»** жайнахь а, Хьакима а, уьш боцчара а далийна Абу Салмас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хьадис. Цо элира, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Ма боккха болх бу-кх, ма боккха болх бу-кх!** (Цо ишар йира шен куьйгаца, пхи хӀума билгалдеш). **Ма деза ду-кх уьш Мúйзан-терзан тӀехь**: **субхьáналлóхӀи, валь-хьамду лиллáхӀи, ва лá илáхӀа иллаллóхӀу, валлóхӀу акбар, бусалба стеган кхелхина волу дика доьзалхо а, тӀаккха собаре хиларца шена ял хиларе иза сатуьйсуш а волуш».**

**11.** Делан лено оцу дешнех цхьаъ мосазза олу, цунна сагӀадаларан мела язбо. Муслима шен **«Сахьихь»** жайнахь далийна, Абу Зарра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хьадис, асхьабаша (Дела реза хуьлийла царна) Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХӀай Делан Элча, хьоладай дӀабаха, шорта ял яьккхина; оха санна ламаз до цара, оха санна марха а кхобу цара, шайн даьхних совдаьлларг сагӀина а ло цара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Дала шуна ца делла ткъа аш сагӀина луш долу хӀума?! Баккъалла а, шуна хӀора тасбихьца (*Субхьáналлóх1*** аларца) **сагӀа ду, хӀора такбирца а (*АллóхӀу акбар*** аларца) **сагӀа ду, АллахӀна хӀора хастам барца а (*аль-хьамду лиллáхӀ*** аларца) **сагӀа ду, хӀора тахӀлилца а (*лá илáхӀа иллаллóхӀ*** аларца) **сагӀа ду, диканиг де аларца сагӀа ду, вуониг ма де аларца сагӀа ду, хьаналчу агӀор шен хӀусамненаца дегӀан лаам кхочушбарехь а сагӀа ду».** Цара хаьттира: **«ХӀай Делан Элча, тхох цхьаммо шен хӀусамненаца дегӀан лаам кхочушбича, мела хир бу цунна?»** Делан Элчано (Делера салам-

маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Аша суна дийцийша, цо шен дегӀан лаам хьарамчу агӀор кхочушбича** (зина дича), **къа хир дарий цунна?! Цунах терра, цо шен дегӀан лаам хьаналчу агӀор кхочушбича, мела хуьлу цунна».**

Баккъалла а, къечу нахана моьттура, сагӀадаккхар даьхница бен ца хуьлу; церан иштта сагӀа даккха гӀора ма дацара. ТӀаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) царна дийцира, дика хӀума даран дерриг а дакъош сагӀа ду, аьлла. Царах массарал а хьалха цо хьахийра хӀара диъ дош: **субхьа́наллóхӀи, валь-хьамду лилла́хӀи, ва ла́ ила́хӀа иллаллóхӀу, валлóхӀу акбар.**

**12.** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) и дешнаш Сийлахьчу Къуръанах лерина - Къуръан Ӏамадан ницкъ ца кхочуш волчунна. Абу Давуда, Насаис, ДаракъутӀнис, кхиболчара а далийна ибн Аби Авфас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хьадис, цхьана стага, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу веана, элира, аьлла: **«ХӀай Делан Элча, сан ницкъ ца кхочу Къуръан Ӏамадан, ахь суна Ӏамадехьа цуьнан метта хӀуттур долу хӀума».** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ахь эр ду: «Субхьа́наллóхӀи, валь-хьамду лилла́хӀи, ва ла́ ила́хӀа иллаллóхӀу, валлóхӀу акбар, ва ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хӀ».** ТӀаккха акха Ӏарбичо, шен ши куьг а лаьцна, элира: **«ХӀара АллахӀна ду, ткъа суна дерг хӀун ду?»** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ахь эр ду: «АллóхӀуммагӀфир ли́, вархьамни́, ва Ӏа́фини́, варзукъни́, вахӀдини́** (ХӀай АллахӀ, суна гечдехьа, сох къинхетам бехьа, со маьрша витахьа, суна рицкъа лохьа, со нисвехьа)**».** Акха Ӏарбичо, шен ши куьг а лаьцна, и схьаийцира. ТӀаккха Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, хӀокхо шен ши куьг диканах дуьзи».**

ХӀорш ду-кх, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) суннатехь (хӀокху деа дешан дозалла дуьйцуш) деана цхьадолу хьадисаш. И вай хьехийначу дозаллин дика ойла йинчунна, и дозалла чӀогӀа доккха хилар карадо – хӀокху дешнийн барам боккха хиларна а, церан болх лекха хиларна а, царах схьаболу пайда шорта хиларна а, бусалба стагана йоккха ял йолуш хиларна а ша тӀенисвеш. ХӀокху йоккхачу сийлаллин къайле (АллахӀ ву хууш верг) цхьаболчу Ӏилманан дайша хьахийнарг хила тарло, Веза-Сийлахьчу АллахӀан ерриг цӀерш хӀокху деа дашо чулоцуш ю, аьлла.

**Субхьа́наллóхӀ** бохучу дашо чулоцу, АллахӀ Шеца там боцчу хӀуманах цӀанваран цӀерш - Аль-Къуддýс, Ас-Сала́м саннарш.

**Аль-хьамду лилла́хI** бохучу дашо чулоцу, Веза-Сийлахьчу АллахIан цIерш а, куьцаш а кхачам боллуш дуьззина хилар сацош долу дакъош.

**Алло́хIу акбар** бохучу дашехь АллахI воккха вар а, вазвар а ду, и хасто ма-веззара хасто цхьаьннен а ницкъ кхочур боцуш. Шен куьцаш иштта долуш верг – Иза Воцург, кхин Дела вац. Цуьнан маьIна: «И (АллахI) Воцург бакъонца шена Iибадат дан хьакъ верг ма вац», – бохург ду.

**Тасбихь** (***субхьа́налло́хI***) – иза Цуьнца там боцчу хIуманах АллахI цIанвар ду.

**Тахьмид** (***аль-хьамду лилла́хI***) – иза АллахIан цIерш а, куьцаш а, белхаш а кхачам боллуш буьззина хилар сацош ду.

**ТахIлил** (***ла́ ила́хIа иллалло́хI***) – иза дог цIандар, АллахI цхьаъ вар а, ширках (АллахIца накъост лацарх) дIацIанвалар а ду.

**Такбир** (***Алло́хIу акбар***) – иза АллахIан Возалла сацош ду, Цул доккха хIума ца хилар гойтуш а ду.

**АстагIфирулло́хI** (ас АллахIе гечдар доьху) **бохучу дешан дозалла**

Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Хьайгара даьллачу къинна гечдар деха** (астагIфирулло́хI ала)**, хьайн Далла хастам барца тасбихь а де ахь** (субхьа́налло́хIи ва бихьамдихIи) **суьйранна а, Iуьйранна а».** *«ГIофир», 55.*

Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«АллахIе гечдар деха, баккъалла а, АллахI гечдеш а, къинхетам беш а ву».** *«Ан-Нисаъ», 106.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «Суна Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира: **«АллахIах дуй буу ас, дийнахь АллахIе гечдар доьхуш** (АстагIфирулло́хI олуш)**, Цуьнга тоба а деш ву со кхузткъе уьттазза сов».** *Бухари.*

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АстагIфирулло́хI боху дош даима баьхнарг АллахIа массо гаттонех паргIатвоккхур ву, массо а баланех хьалхавоккхур ву, Цо цунна дагахь доцчу агIор рицкъа а лур ду».** *ТIабарани.*

Бусран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Декъалхилар ду - шен Iамалийн тептар чохь дуккха АстагIфирулло́хI боху дош карийначунна».** *Ибн МажахI.*

**Ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хI** (диканна тIехь ницкъ кхачийтар, вуочух дIахьовзор а АллахIера бен дац) **бохучу дешан дозалла.**

Абу Мусас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шега хаьттира, аьлла: **«Ялсаманин хазнех цхьана хазнина тӀенисвай ас хьо?»** Ас элира: **«Нисвехьа, хӀай Делан Элча».** Цо элира: **«Ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хӀ».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шега элира, аьлла: **«Ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хӀиль-Ӏалиййиль-Ӏазы́м боху дош дукха бахалахь, ялсаманин хазнех цхьа хазна ю хьуна иза».** *Тирмизи.*

Джабалан кӀанта МуӀаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира, аьлла: **«Ялсаманин неӀарех цхьана неӀарна тӀенисвай ас хьо?»** МуӀаза (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ХӀун ду иза?»** Цо элира: **«Ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла́ билла́хӀ».** *Ахьмад, ТӀабарани.*

Ма деза ду хӀара дешнаш, ма сийлахь бу церан болх, ма доккха ду уьш аьллачунна хуьлуш долу дика!

АллахӀе доьху вай, и дешнаш Ӏамадарна а, уьш даима бахарна а тӀехь Цо вайн ницкъ кхачийтар, и дешнаш бахарца шайн меттанаш тӀеда латтийначарах Цо вай дар а! Баккъалла а, Иза Ву оцу балхана тӀехӀоьттина верг, оцу тӀехь ницкъ кхочуш верг а!

АллахӀера къинхетам а, маршо а вайн пайхамар волчу Мухьаммадна а, цуьнан доьзалшна а, асхьабашна а, вайна массарна а хуьлийла!

**Чулацам**

**Дешхьалхе**

**Деа дешан дозалла**

**АстагӀфируллохӀ бохучу дешан дозалла**

**Ла хьавла ва ла къуввата илла биллахӀ бохучу дешан дозалла**

Организационное …

**Собиратель - Абдурроззак бин Абдул-Мухсин**

**Переводчик – Магамедов Сулиман Рахманович**

Рецензенты – М.Р. Эдихаджиев, А.А. Илесов

Редактор – Асламбек Гайтукаев
Верстка и дизайн – Саид-Магомед Тасуев

Подписано в печать 11.12.2019
Тираж ??? экз.

ГАУ ….